

Planifikasyon Sekirite pou Imigran Imanitè yo

Konsèy pou
Kenbe Fanmi w
an Sekirite



**EXODUS
REFUGEE**
The life ahead.

Kisa mwen ta dwe fè kounye a?

Aprann nimewo A ou (A-number) ak nimewo A manm fanmi w yo pa kè, oswa ekri yo sou yon papye epi mete l yon kote ou ka jwenn byen fasil.

Si ou gen yon avoka, aprann nimewo telefòn li pa kè. Si ou se yon kliyan Exodus, ou ka rele biwo Exodus la nan (317-921-0836) oswa liy ijans Exodus la nan (317-625-7892) si 4:00 p.m. pase deja.

Aprann nimewo telefòn omwen yon manm fanmi w pa kè.

Pote kat rezidans pèmanan w lan (green card) avèk ou si ou genyen l. Pote pèmi travay ou avèk ou si w pa gen kat rezidans pèmanan. Si ou te depoze yon demann pou yon kat rezidans pèmanan oswa pou azil men w poko gen dokiman sa yo, pote yon kopi avi konfimasyon ou a oswa avi apwobasyon ou a avèk ou.

Fè yon lis tout medikaman ou pran yo, epi asire w ke gen omwen yon manm fanmi w ki gen lis sa a nan ka yo ta arete w.

Enprime yon kopi yon manda jidisyè (gade egzanp lan nan paj 3) epi mete l toupre pòt devan kay ou.

Prepare dokiman gad legal tanporè (gade egzanp lan nan paj 4), fè notarye yo (souvan ou ka jwenn notè gratis nan bibliyotèk lokal ou a), epi bay moun ki pral pran swen pitit ou yo yon kopi (oswa nenpòt granmoun ou gen gad legal li) si yo ta arete ou. Moun sa a ka depoze yon kopi dokiman yo nan tribinal ki apwopriye a si yo ta arete ou. Kote ki apwopriye pou w depoze dokiman sa yo ka varye selon kote w ap viv la, kidonk li enpòtan pou moun sa a konsilte yon avoka anvan li depoze dokiman yo. Asire w ke moun sa a konnen tout pwoblèm sante pitit ou yo genyen yo ak medikaman yo pran yo.

Asire w ke gen yon lòt moun ki otorize pou vin chèche pitit ou a (oswa pitit ou yo) nan lekòl la, epi mete kontak ijans pitit ou a ajou si sa nesèsè. Rele lekòl la dirèkteman pou w fè aranjman sa a.

Asire w ke plizyè moun nan fanmi w konnen kijan pou yo peye lwaye ou ak lòt bil ki enpòtan yo.

Egzanp yon Manda Jidisyè

AO 442 (Rev. 11/11) Arrest Warrant

UNITED STATES DISTRICT COURT

for the

_____ District of _____

United States of America

v. _____)

) Case №. _____
)
)
)
)

Defendant

ARREST WARRANT

To: Any authorized law enforcement officer

YOU ARE COMMANDED to arrest and bring before a United States magistrate judge without unnecessary delay
(name of person to be arrested), _____

who is accused of an offense or violation based on the following document filed with the court:

- ☐ Indictment ☐ Superseding Indictment ☐ Information ☐ Superseding Information ☐ Complaint
☐ Probation Violation Petition ☐ Supervised Release Violation Petition ☐ Violation Notice ☐ Order of the Court

This offense is briefly described as follows:

Date: _____

Issuing officer's signature

City and state: _____

Printed name and title

Return

This warrant was received on (date) _____, and the person was arrested on (date) _____
at (city and state). _____

Date: _____

Arresting officer's signature

Printed name and title

Egzanp Dokiman pou Gad Legal an Ka Bezwen

DECLARATION OF STANDBY GUARDIAN

Pursuant to Indiana Code Section 29-3-3-7, I, **name**, the **biological father/mother/other relationship** of the minor child(ren) listed below, hereby designate **guardian name** (DOB **MM/DD/YYYY**) to serve as my minor children's standby guardian in the event of my death, detention or incapacity.

Minor child's full name as it appears on birth certificate	Date of Birth
Child 1 full name	MM/DD/YYYY
Child 2 full name	MM/DD/YYYY

This declaration shall terminate ninety (90) days after becoming effective unless the standby guardian files a petition for a guardianship of the above listed minor children during that ninety (90) day period.


Siyen la a



Ekri non ou la a
Your name



Kisa mwen ta dwe fè si ICE devan pòt mwen?



Pa ouvè pòt ou.

Mande ICE si li gen yon manda. Si yo di wi, mande pou yo glise manda a anba pòt la. Si pa gen ase espas pou yo glise l anba pòt la, mande pou yo montre w li devan yon fenèt.

Asire w ke manda a se yon manda jidisyè (gade egzanp lan nan paj 3). Yon manda valab dwe gen adrès ou sou li epi yon jij dwe siyen li.

Si ou bezwen yon entèprèt, mande pou yo ba w youn.

Mande pou w rele avoka imigrasyon ou a. Si ou se yon kliyan Exodus, ou ka rele biwo nou nan (317-921-0836) oswa liy ijans nou an nan (317-625-7892) si 4:00 p.m. pase deja.

Rele Indy Rapid Response nan (855-589-4639) epi fè yo konnen ke ou panse ICE devan pòt kay ou.

Ou dwe pare pou w montre kat rezidan pèmanan ou, pèmi travay ou, oswa yon avi konfimasyon si sa nesesè pou w pwouve ke ou gen estati legal.

Ou ka rele 911 si yo menase w fizikman.

Kisa mwen ta dwe fè si ICE kanpe m pandan m ap kondwi oswa an piblik?



Pa kouri.

Desann vit machin ou a yon ti kras sèlman pou w pale avèk yo.

Ou dwe bay non ou si yo mande w li.

Si yo bay lòd pou w kanpe oswa soti nan machin ou, ou dwe fè sa.

Mande yon entèprèt si ou bezwen youn. Fè eskrinchòt yon imaj ki di: "Mwen se yon refijye/imigran/moun ki gen kat rezidan pèmanan ki soti nan (non peyi a) epi mwen pale (non lang lan). Mwen bezwen yon entèprèt." Montre ajan ki kanpe w la eskrinchòt la.

Mande pou w rele avoka imigrasyon ou a, si ou gen youn. Si ou se yon kliyan Exodus, ou ka rele biwo Exodus la nan (317-921-0836) oswa nimewo ijans Exodus la nan (317-625-7892) apre 4:00 p.m.

Ou ka montre kat rezidan pèmanan ou, pèmi travay ou, oswa yon avi konfimasyon ki montre ou te aplike pou yon kat rezidan pèmanan oswa pou azil.

Si yo arete w apre yo fin kanpe w epi retounen nan peyi w ta ka mete lavi w an danje, di ou se yon imigran imanitè ki pè retounen nan peyi w. Di sa plizyè fwa epi byen fò, otan sa posib.

Kisa mwen ta dwe fè si yo arete m?

Pa siyen anyen san ou pa pale ak yon avoka imigrasyon anvan.

Rele avoka imigrasyon ou a. Ou ta dwe aprann nimewo telefòn yon avoka imigrasyon pa kè. Si ou se yon kliyan Exodus epi ou pa gen yon avoka imigrasyon, ou ka rele Exodus nan 317-921-0836 oswa nan 317-625-7892 apre 4:00 p.m.

Si w pa konn nimewo telefòn yon avoka imigrasyon, rele yon manm fanmi w ki ka rele avoka imigrasyon an pou ou. Tou mete nan tèt ou ke yon sèl apèl y ap kite w fè.

Pa bay manti sou idantite w.

Mande yon entèprèt si ou bezwen youn.

Montre ajan imigrasyon yo nenpòt prèv estati legal ou genyen: pa egzanp, kat rezidan pèmanan ou, pèmi travay ou, oswa yon kopi yon avi konfimasyon ki montre ou gen yon dosye imigrasyon ki toujou aktif.

Di ou se yon imigran imanité ki pè pou w ta mouri si yo fòse w retounen nan peyi w. Di sa byen fò, plizyè fwa, devan plis moun posib.

Mande pou yo ba w aksè ak nenpòt medikaman ou bezwen.